



KHUTBAH JUM'AT

PENGURUS CABANG
NAHDLATUL ULAMA CILACAP





KHUTBAH JUM'AT KAUTAMAAN LAILATUL QODAR

Ditulis oleh Jamal Shidiq, S.Pd.I

= KHUTBAH PERTAMA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَنْزَلَ الْقُرْآنَ هُدًى لِّلْمُتَّقِينَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ الْمُبِينُ، وَأَشْهَدُ
أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ صَادِقُ الْوَعْدِ الْأَمِينُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ النَّبِيِّ
الْأُمِّيِّينَ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَالِ اللَّهِ لَعَلَّكُمْ
فَائِزُونَ، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، لَيْلَةُ الْقَدْرِ خَيْرٌ مِّنْ أَلْفِ شَهْرٍ.

Hadirin Jamaah Jum'ah Rohimakumulloh!

Lailatul qodar teh hiji peristiwa anu istimewa anu datangna di bulan romadhon. Lailatul qodar oge sok disebut malem sarebu bulan. Malem anu super istimewa, anu ditunggu tunggu ku satiap jalmi mu'min. Teras naon atuh malem lailatul qodar teh? Alloh Subhanahu wa Ta'ala netelakeun dina surat anu mulia nyaeta, surat Al-Qodar anu ngajelaskeun sakaligus ngeunaan malem kamuliaan eta wengi:

لَيْلَةُ الْقَدْرِ خَيْرٌ مِّنْ أَلْفِ شَهْرٍ

“Maleman anu mulya teh nyaeta leuwih hade tibatan sarebu bulan.”

Maksudna kumaha? Nyaeta dina nalika malem eta ibadah urang leuwih hade tibatan ibadah sarebu bulan. Sataun aya 12 bulan,





jadi 1000 bulan teh nyaeta 83 taun. Dina nalika urang sholat atawa ibadah dina malem eta maka leuwih hade tibatan ibadah 83 taun.

تَنْزَلُ الْمَلَائِكَةُ وَالرُّوحُ فِيهَا بِإِذْنِ رَبِّهِمْ مِنْ كُلِّ أَمْرٍ

“Harita malaikat-malaikat jeung roh (malaikat jibril) tarurun kalawan widi pangerana marawa sagala timbalan (ngatur sagala urusan).”

Dina malem eta turun malaikat-malaikat kangge nuliskeun amal urang sareng mere rohmat.

سَلَامٌ هِيَ حَتَّىٰ مَطْلَعِ الْفَجْرِ

“Salamet peuting harita teh nepika medal balebat (terbit fajar).”

Hadirin ahli jum’ah anu mulya

Iraha atuh malem lailatul qodar teh? Kangjeng nabi ngajelaskeun sakumaha anu tos dijelaskeun ku Alloh ta’ala. Anu jelas malem Lailatul Qadar aya di bulan Romadhon. Sabab malem Lailatul Qadar teh malem diturunkenana Al-Quran. Sedengkeun turunna Al-Quran di bulan Romadhon. Kangjeng nabi masihan pituduh anu khusus, kumaha saur Kangjeng Nabi:

تَحَرَّوْا لَيْلَةَ الْقَدْرِ فِي الْعَشْرِ الْأَوَاخِرِ مِنْ رَمَضَانَ

Hartosna: “Teangan Lailatul Qadar ti 10 akhir di bulan Romadhon.” (HR. Bukhori Muslim)

Ari ibadahna kucara naon atuh dina lailatul qodar teh? Kucara sholat, loba dzikir, wirid, ngado’a, maca Qur’an, jeung sajabana





kalayan khusyu'. Ning aya istilahna l'tikaf atawa berdiam diri di masjid, berdiam teh lain cicing atawa sare di Masjid, tapi cicing bari eling kalayan ngalakonan sagala rupa ibadah ka Allah SWT. Anapon dupi do'a anu diaos dina wengian Lailatul Qodar nyaeta Allohumma innaka afuwwun karimun tuhibbul 'afwa fa'fu 'anni, luyu sareng hadits anu diriwayatkeun ku Imam At-Tirmidzi nyaeta:

وَعَنْ عَائِشَةَ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهَا: قَالَتْ: قُلْتُ: يَا رَسُولَ اللَّهِ إِنَّ وَافَقْتُ لَيْلَةَ الْقَدْرِ، مَا أَدْعُو بِهِ؟

قَالَ: قَوْلِي: اللَّهُمَّ إِنَّكَ عَفُوٌّ كَرِيمٌ تُحِبُّ الْعَفْوَ فَاعْفُ عَنِّي. أَخْرَجَهُ التِّرْمِذِيُّ

Hartosna: *"Ti sayyidah Aisyah r.a, anjeuna sasauran, kami tumaros, 'Ya Rosulalloh, upami kami mendakan lailatul qadar, naon do'a anu kedah diaos? Rosululloh ngawaler, Baca, Allohumma innaka afuwwun karimun tuhibbul 'afwa fa'fu 'anni."* (H.R At-Tirmidzi).

Mudah-mudahan urang sadaya ngengingkeun lailatulqodar, aminn ya robbal alamin. Tapi saenamah loba ibadah kalayan khusyu' teh sanes ngan saukur dina nalika neangan lailatul qodar, tapi tiap poe iraha bae dimana bae. Mudah-mudahan urang sadayana tiasa istikomah dina ibadah, sepertos urang nuju semangat milarian lailatul qodar. Aamin ya robal 'alamin.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ وَلِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ





الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَنْعَمَ عَلَيْنَا بِنِعْمَةِ الْإِيمَانِ وَالْإِسْلَامِ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ ذُو الْجَلَالِ
وَالْإِكْرَامِ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ سَيِّدُ خَلْقٍ وَالْإِنْعَامِ، وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ
عَلَى سَيِّدِ الرُّسُلِ وَالْخِتَامِ، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الَّذِينَ يَتَمَسَّكُونَ بِالْكِتَابِ وَسُنَّةِ
عَلَى الدَّوَامِ، أَمَا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ،
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ
إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ. رَبَّنَا إِنَّا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةٌ وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةٌ وَقِنَا
عَذَابَ النَّارِ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.